ETA NEW YORK
BIWO SÈVIS POU ABI ALKÒL AK DWÒG

KONSANTMAN POU DIVILGE ENFÒMASYON PÈSONÈL KI IDANTIFYE OU KONSÈNAN ISTWA TRETMAN POU ABI ALKÒL/DWÒG **POU OBJEKTIF POU JWENN AVANTAJ ASIRANS**

Anile nan Dat:_____ Inisyal Anplwaye:_____

Non Fanmi Pasyan an:	Prenon	Dezyèm Prenon
Nimewo DOSYE		
SANT MEDIKAL	INITE	

ENSTRIKSYON YO: **BAY KOPI FÒM NAN POU PASYAN AN.** Konsève yon orijinal divilgasyon sa a.

KONSANTMAN PASYAN AN POU DIVILGE ENFÒMASYON PÈSONÈL KI IDANTIFYE LI

LIMIT OSWA KALITE ENFÒMASYON YO DWE DIVILGE A

Mwen _____ bay _____ , Biwo Sèvis pou Abi Alkòl ak Dwòg (Office of Alcoholism and Substance Abuse Services) Eta New York, Depatman Sante (Dept of Health) Eta New York, Depatman Asirans (Insurance Dept) Eta New York, Pwokirè Jeneral Eta New York, ak konpayi asirans mwen, pèmisyon pou yo divilge enfòmasyon epi pou yo kominike ak divilge pami yo enfòmasyon ki gen pou wè ak bòdwo asirans, avantaj asirans, ak ranbousman, tankou enfòmasyon klinik nesesè ki gen pou wè ak bòdwo, avantaj ak ranbousman, pou sèvis mwen resevwa nan pwogram sa a.

OBJEKTIF OSWA BEZWEN POU DIVILGASYON ENFÒMASYON YO

Pou pèmèt Biwo Sèvis pou Abi Alkòl ak Dwòg Eta New York, Depatman Sante Eta New York, Depatman Asirans Eta New York, Pwokirè Jeneral Eta New York, pou ede mwen ak founisè tretman mwen pou abi dwòg jwenn aksè nan avantaj asirans ak ranbousman pou sèvis yo ban mwen.

Mwen, ki siyen anba la a, li sa ki endike anwo a epi mwen otorize ekip_____ , Biwo Sèvis pou Abi Alkòl/Dwòg Eta New York, Depatman Sante Eta New York, Depatman Asirans Eta New York, Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York ak konpayi asirans mwen pou yo divilge ak jwenn enfòmasyon sa yo jan sa endike nan dokiman an. Mwen rekonèt tou mwen ka anile konsantman sa a alekri nenpòt kilè, sof nan limit yo te fè aksyon anrapò avèk li, epitou mwen rekonèt nan nenpòt evènman, konsantman sa a ap ekspire otomatikman jan sa endike anba la a:

_____ Lè yo rezoud pwoblèm ki gen pou wè ak bòdwo, avantaj ak ranbousman, oswa

_____ _____
(Endike lòt fwa lè ou kapab anile konsantman an epi/oswa lè l ap ekspire)

Mwen rekonèt tou lè y ap divilge/bay nenpòt enfòmasyon ki idantifye mwen sa ap annamoni avèk Tit 42 Kòd Règleman Federal ki detèmine sekrè enfòmasyon ki nan dosye pasyan abi alkòl ak dwòg, ak Lwa 1996 sou Pòtabilite ak Responsablite Asirans Sante (“HIPAA”) 45 C.F.R. Pts. 160 ak 164; epi gen entèdiksyon pou re-divilge enfòmasyon sa yo ba yon lòt ajans ki pa endike anwo san mwen pa bay otorizasyon alekri.

NÒT: Nenpòt enfòmasyon yo divilge sou fòm sa a ap akonpaye avèk fòm Entèdiksyon sou Re-Divilgasyon Enfòmasyon Konsènan Pasyan Abi Alkòl/Dwòg

Answit, mwen rekonèt yo p ap bay kondisyon pou tretman mwen sou si mwen siyen fòm konsantman sa a. Mwen te resevwa yon kopi fòm sa a, jan mwen rekonèt sa avèk siyati mwen ki anba la a.

_____ (Siyati Pasyan an)

_____ (Siyati Paran/Responsab Legal, lè li obligatwa)

_____ (Ekri Non Pasyan an Lèt Detache)

_____ (Ekri Non Paran/Responsab Legal an Lèt Detache)

_____ (Dat la)

_____ (Dat la)

Dekri otorizasyon pou siyen sou non pasyan an _____